



# Social Security

## Kouman Travay Afekte Benefis Ou

2012

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

# Kouman Travay Afekte Benefi Ou

Ou ka jwenn benefis Sekirite Sosyal nan retrèt oswa kòm sivivan epi ou ka travay anmenmtan. Men tou, si ou pokò gen laj laretrèt e si salè w ap touche depase sèten kantite, y ap redui benefis ou. Li enpòtan ou remake sepandan, rediksyon benefis yo p ap pèdi vreman. Benefis ou pral ogmante lè ou gen laj konplè pou pran retrèt ou pou ranplase benefis yo te kenbe poutèt revni ou t ap touche a. (Konjwen ak sivivan ki resevwa benefis poutèt yo gen timoun ki minè oswa ki andikape y ap okipe pa resevwa okenn benefis anplis lè y ap pran retrèt yo si yo te kenbe benefis yo poutèt travay yo t ap fè a.)

**NÒT:** *Gen divès règ ki aplike sou ou resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite oswa peman Supple-mental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Siplementè). Ou dwe rapòte tout salè yo ba Sekirite Sosyal. Epitou, règleman diferan yo aplike si ou travay andeyò Etazini. Kontakte nou si w ap travay (oswa si w planifye pou travay) deyò peyi a.*

## Ki kantite lajan mwen ka touche pandan m ap resevwa benefis yo?

**Si ou fèt ant 2 janvye 1943 ak 1ye janvye 1955,** laj konplèt pou pran retrèt ou se 66zan. Si ou travay e ou gen laj konpè pou pran retrèt ou, ou ka resevwa tout benefis ou, kèlkeswa kantite lajan w ap touche. Si ou pli jèn ke konplèt laj retrèt ou gen yon limit nan kantite lajan ou ka fè nan travay e ou ap toujou ka resevwa

tout benefis Sekirite Sosyal ou. Si ou pli jèn ke konplèt laj retrèt ou pandan tout ane 2012 la, nou dwe dedwi \$1 nan benefis ou pou chak \$2 ou touche anplis sou \$14,640.

**Si ou vin genyen tout laj retrèt ou pandan 2012 la,** nou dwe dedwi \$1 nan benefis ou pou chak \$3 ou touche plis pase \$38,880. jouk nan mwa ou vin gen konplèt laj retrèt ou.

## **Egzanp sa yo montre fason règleman yo ka afekte ou:**

An nou di ou fè demann avantaj Sekirite Sosyal lè ou gen laj 62 ane nan mwa janvye 2012, epi peman ou ap \$600 pa mwa (\$7,200 pou ane a). Pandan ane 2012 la, ou planifye pou travay, epi ou touche \$20,800 (\$6,160 anplis limit \$14,640). Nou ta kenbe \$3,080 avantaj Sekirite Sosyal ou (\$1 pou chak \$2 ou touche anplis limit lan). Pou fè sa, nou ta kenbe tout peman avantaj ou ant janvye 2012 ak jen 2012. Apati jiyè 2012, ou ta resevwa avantaj \$600 ou, epi nou ta peye ou kantite lajan sa a chak mwa pandan rès ane a. Nan ane 2013, n ap peye ou lòt \$520 nou te kenbe nan mwa jen 2012.

Oswa, an nou di ou potko rive nan vrè laj retrèt nan kòmansman ane a, men l ap rive nan mwa novanm 2012. Ou te touche \$39,960 nan 10 mwa ant janvye ak oktòb. Pandan peryòd sa a, nou ka kenbe \$360 (\$1 pou chak \$3 ou touche anplis limit \$38,880). Pou fè sa, nou ta kenbe premye chèk ou pou ane a. Apati mwa fevriye 2012, w ap resevwa avantaj \$600 dola ou, epi n

ap peye ou kantite lajan sa a chak mwa pandan rès ane a. Nou ta peye ou rès \$240 dola a nan mwa janvye 2013.

## Salè ou ak benefis ou-konbyen ou ka resevwa?

Tablo k ap vini pi ba a ap ba ou yon lide sou kantite lajan ou gen pou ou resevwa nan benefis Sekirite Sosyal ou pou ane 2012 la, daprè benefis pa mwa ou ak estimasyon salè ou.

| <i>Si benefis<br/>Sekirite<br/>Sosyal ou pa<br/>mwa se</i> | <i>Epi salè ou se</i> | <i>Ou ap resevwa<br/>benefis pa an</i> |
|--|-----------------------|--|
| \$700  | \$14,640 oswa mwens   | \$8,400                                |
| \$700  | \$15,000              | \$8,220                                |
| \$700  | \$20,000              | \$5,720                                |
| \$900  | \$14,640 oswa mwens   | \$10,800                               |
| \$900  | \$15,000              | \$10,620                               |
| \$900  | \$20,000              | \$8,120                                |
| \$1,100  | \$14,640 oswa mwens   | \$13,200                               |
| \$1,100  | \$15,000              | \$13,020                               |
| \$1,100  | \$20,000              | \$10,520                               |

## Ki revni ki konte...epi kilè nou konte li?

Si ou ap travay pou yon lòt moun, se sèlman salè ou touche k ap konte sou limit salè Sekirite Sosyal ou. Si ou se yon travayè

endepandan, nou konte sèlman salè nèt ou fè nan travay endepandan an. Nou pa konte revni tankou lòt avantaj gouvènman, rannman envestisman, enterè, pansyon, anwite ak revni sou envestisman. Men, nou konte kotizasyon yon anplwaye nan plan pansyon oswa retrèt si kantite lajan kotizasyon an nan salè anplwaye a anvan dediksyon.

Si ou ap travay pou salè, revni an konte lè yo dwe li, pa lè yo peye li. Si ou gen revni ou reyalize nan yon ane, men peman an te fèt nan ane annapre a, li pa ta dwe konte kòm revni pou ane ou resevwa li a. Kèk egzanp ki akimile endamnite maladi oswa peman vakans ak bonis.

Si ou se yon travayè endpendan, revni an konte lè ou resevwa li—pa lè ou reyalize li—sof si li peye nan yon ane apre ou vin gen dwa pou resevwa benefis Sekirite Sosyal epi ou te reyalize li anvan ou te vin gen dwa pou benefis yo.

## Règleman espesyal pou premye ane retrèt ou

Kèk moun ki pran retrèt nan mitan ane a déjà reyalize plis pase limit salè anyèl la. Se rezon sa a ki fè gen règleman espesyal ki aplike sou salè pou yon ane, anjeneral premye ane retrèt la. Anba règleman sa yo, ou ka resevwa yon chèk tout benefis Sekirite Sosyal pou nenpòt mwa ou nan retrèt, kèlkeswa salè ou reyalize pou ane a.

An 2012, yon moun ki pokò gen laj konplè pou retrèt pou ane a ap konsidere retrete si salè mansuèl la se \$1,220 oswa mwens. Pa egzanp, John Smith pran retrèt li a 62 zan jou ki 30 oktòb, 2012. L ap fè \$45,000 nan mwa oktòb la.

Li pran yon djòb atan pasyèl ki kòmanse an novanm pou \$500 pa mwa. Menm si salè li pou ane a depase limit 2012 lan (\$14,640), l ap resevwa yon peman Sekirite Sosyal pou mwa novanm jouk nan mwa desanm. Se paske salè li nan mwa sa yo pi piti pase \$1,220 ki reprezante limit espesyal pa mwa «premye ane retrèt la» pou moun ki pokò gen laj konplè pou pran retrèt. Si Msye Smith touche plis pase \$1,220 pou nenpòt nan mwa sa yo (novanm oubyen desanm), li p ap resevwa yon benefis pou mwa a. Apati ane 2013, se sèlman limit anyèl yo k ap aplike sou li paske l ap depase premye ane retrèt la.

Epitou, si ou se yon travayè endepandan, nou konsidere kantite travay ou fè nan biznis ou pou detèmine si ou nan retrèt. Youn nan fason nou fè sa se konsidere kantite tan ou pase ap travay. Anjeneral, si ou travay plis pase 45 èdtan pa mwa nan travay endepandan ou, ou pa retrète; si ou travay mwens pase 15 èdtan pa mwa, ou retrète. Si ou travay ant 15 ak 45 èdtan pa mwa, ou p ap konsidere kòm moun ki retrète si se nan yon djòb ki egzije anpil konpetans oswa si ou ap jere yon biznis ki enpòtan.

## Èske ou dwe rapòte chanjman nan salè ou?

Nou ajiste kantite lajan benefis Sekirite Sosyal ou an 2012 selon sa ou te di nou ou ka touche pou ane sa a. Si ou panse salè ou pou ane 2012 lan ap diferan ak sa ou te déjà endike nou, fè nou konnen sa touswit.

Si lòt manm fanmi an resevwa benefis selon travay ou, salè ou apre ou kòmanse resevwa benefis retrèt la ka diminye benefis yo tou. Men tou, si moun ou marye avèk li a epi si pitit ou yo resevwa benefis kòm manm fanmi lan, salè yo afekte sèlman pwòp benefis yo.

Si ou bezwen asistans pou kalkile salè ou, kontakte nou. Lè ou rele, mete nimewo Sekirite Sosyal ou prè.

## **Èske w ap resevwa benefis mansyèl kiplis si yo kenbe benefis ou akòz travay la?**

Wi. Si yo kenbe sèten benefis retrèt ou akòz salè w ap touche a, n ap ogmante benefis ou koumanse lè ou tounen laj konplè pou pran retrèt ou pou kapab enkli tout mwa sa yo lè yo te kenbe benefis yo.

Kòm egzanp, ann di w ap revandike benefis retrèt lè ou tounen 62zan nan ane 2012 e peman ou se \$750 pa mwa. Eben lè pou tounen travay e yo kenbe 12 mwa benefis. Nou ta rekalkile benefis ou lè ou tounen laj konplè pou pran retrèt ki se 66zan e nou t ap peye w \$800 pa mwa (an dola aktyèl) Oswa pètèt ou te touche si tèlman kòb pandan ou te genyen ant 62 zan ak 66 zan, nou te kenbe tout benefis pou ane sa yo. Nan ka sa a, nou ta peye w \$1,000 p mwa depi ou tounen 66 zan.

## **Èske salè siplemantè mwen ap ogmante benefis mwen?**

Wi. Chak ane nou revize dosye pou tout benefisyè Sekirite Sosyal k ap travay. Si dènye ane revni ou konsidere kòm youn nan pi gwo ane ou, nou rekalkile benefis ou yo epi nou peye ou nenpòt ogmantasyon nou dwe ou.

Pwosesis sa a se yon pwosesis otomatik, epi nou peye avantaj yo nan mwa desanm ane apre a. Pa egzamp, nan mwa desanm 2012, ou ta dwe resevwa yon ogmantasyon pou salè 2011 ou si salè sa yo te ogmante avantaj ou. Ogmantasyon an ta dwe retwo-aktif pou mwa janvye 2012.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandem, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandem yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10069-HC  
How Work Affects Your Benefits (Haitian-Creole)  
March 2012